

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Pupujian kaasup kana golongan puisi heubeul, nya éta karangan dina wangun ugeran. Eusi pupujian raket patalina jeung ajaran Islam; aya anu mangrupa pujian ka Alloh, solawat ka Nabi, aya ogé anu mangrupa du'a jeung pépéling. Pupujian dina basa Sunda sok disebut nadoman. Puisi pupujian gelarna bareng jeung mimiti sumebarna agama Islam di Jawa Barat, kira-kira taun 1580, sabada karajaan Pajajaran runtag, terus taluk ka karajaan Islam. Nilik kana mediana, pupujian téh hirupna dina lisan (dikawihkeun), apalna ku pangrungu, mana pantes wacanana parondok (Iskandarwassid dina Sudaryat, 2007:111).

Dina hirup kumbuhna, pupujian mangrupa bagian tina sastra daerah anu kudu dimumulé jeung dipiara, sabab éta téh salah sahiji warisan titinggal budaya karuhun pikeun ngajembaran kabudayaan nasional. Hal ieu luyu jeung UUD 1945 pasal 32 yén:

“kebudayaan bangsa ialah kebudayaan yang timbul sebagai buah usaha budi rakyat Indonesia seluruhnya. Kebudayaan lama dan asli, yang terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan bangsa”.

Salian ti éta aya deui Garis-Garis Besar Haluan Negara (GBHN) dina ketetapan MPR Nomer II/MPR/1993 anu nandeskeun, yén:

“kebudayaan Indonesia yang mencerminkan nilai-nilai luhur bangsa harus terus dipelihara, dan dikembangkan guna memperkuat penghayatan dan pengalaman Pancasila, meningkatkan kualitas hidup, memperkuat kepribadian bangsa, mempertebal rasa harga diri, dan kebanggaan nasional, memperkokoh persatuan dan kesatuan bangsa, serta mampu menjadi penggerak bagi perwujudan cita-cita bangsa di masa depan”.

Salah sahiji tarékah pikeun ngamumulé budaya daerah nya éta ku cara ngayakeun panalungtikan. Ku ayana panalungtikan ieu, sastra daerah bisa didokuméntasikeun dina wangun tulisan tur bisa dianalisis nepi ka bisa kapanggih kaéndahan wangun katut eusina.

Luyu jeung pamadegan di luhur, salah sahiji panalungtikan anu mangrupa tarékah ngamumulé budaya daerah, dilaksanakeun di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut. Anu jadi objékna nya éta puisi heubeul nu mangrupa pupujian (pépéling, pangajaran kaagamaan, muji ka Pangéran, solawat ka Nabi, du'a atawa ménta sapaat, jeung anu némbongkeun kedaling rasa).

Pupujian anu ditalungtik di Désa Panyindangan téh nya éta pupujian anu masih kénéh dinadomkeun di unggal masjid, madrasah, jeung lingkungan pasantrénu ngawengku pépéling, muji kaagungan Pangéran, solawat ka Rosululloh, du'a jeung tobat ka Alloh, ménta sapaat ka Rosululloh, jeung pupujian ngeunaan ajaran Agama.

Ngeunaan panalungtikanana, pupujian geus aya nu nalungtik dina wangu skripsi nya éta: “*Analisis Puisi Pupujian di Kampung Ciodéng Désa Andir Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung*” (M. M. Sirojul Munir, 2004), “*Pupujian di Désa Cibarégbég Kacamatan Cibeber Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Puisi Sekolah Lanjutan Tingkat Pertama*” (Rini Marlina, 2000), “*Analisis Pupijian di Kampung Lusian Désa Sukapadang Kacamatan Pagerageung Kabupatén Tasikmalaya*” (Dedy Hérmawan, 2000), jeung nu lianna.

Dina SKKD basa Sunda kelas tujuh, aya kompetensi dasar ngaregepkeun puisi pupujian. Upama dipatalikeun ieu panalungtikan jeung SKKD, tangtu raket patalina. Hartina, pupujian anu ditalungtik bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMP kelas tujuh.

Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan dijudulan “*Pupujian di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP Kelas VII*”. Ku sabab, pupujian di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut, teu acan aya nu nalungtik.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang di luhur, karya sastra Sunda téh kacida euyeubna. Pupujian minangka salah sahiji bagian tina karya sastra nu perlu ditalungtik. Sangkan ieu panalungtikan bisa museur, ieu masalah kudu diwatesanan. Pasualan nu baris dipedar dina ieu panalungtikan ngawengku.

- 1) Analisis wangun (jumlah pada, jumlah padalisan, jumlah engang, basa pupujian, jeung purwakanti);
- 2) Eusi pupujian;
- 3) Unsur (téma, rasa, nada, jeung amanat)

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

- 1) Pupujian naon waé anu kapanggih di Désa Panyindangan, Kacamatan Pakénjéng, Kabupatén Garut?
- 2) Kumaha wangun, eusi, jeung unsur pupujian anu aya di Désa Panyindangan, Kacamatan Pakénjéng, Kabupatén Garut?
- 3) Naha pupujian di Désa Panyindangan, Kacamatan Pakénjéng, Kabupatén Garut, bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP Kelas VII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasangtukang katut masalahna, tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun:

- 1) Ngainvénarisasi pupujian di Désa Panyindangan, Kacamatan Pakénjéng, Kabupatén Garut;
- 2) Ngaguar wangun, eusi jeung unsur pupujian anu kapanggih di Désa Panyindangan, Kacamatan Pakénjéng, Kabupatén Garut;
- 3) Nyieun wangun bahan pangajaran pupujian di Désa Panyindangan, Kacamatan Pakénjéng, Kabupatén Garut dina aspék kaparigelan ngaregepkeun di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat hususna pikeun anu nulis, umumna pikeun pihak séjén, di antarana anu ditataan ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa, bisa nyaho kana pupujian nu aya di wewengkonna sorangan, upama diajar pupujian di sakola;
- 2) Mangpaat pikeun pangajaran, bisa dijadikeun bahan pangajaran dina ngajarkeun pupujian di SMP, jadi teu salawasna nyokot kana bahan anu geus nyampak dina buku téks, tapi bisa méré conto lianna;
- 3) Pikeun nu nalungtik, bisa mikawanoh sarta nambah pangaweruh ngeunaan pupujian nu aya di wewengkon sorangan; jeung
- 4) Pikeun guru, bisa dijadikeun sumber bahan pangajaran pupujian di sakola SMP.

1.5 Raraga Tinulis

- BAB I** : Bubuka, nu ngawengku judul panalungtikan, kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangfaat panalungtikan, jeung raraga tinulis.
- BAB II** : Landasan tiori, nu ngawengku wangenan pupujian, wangenan ngaregepkeun, jeung bahan pangajaran.
- BAB III** : Métodologi Panalungtikan, nu ngawengku déskripsi wewengkon, populasi jeung sampel, métode jeung téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, léngkah-léngkah panalungtikan, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.
- BAB IV** : Analisis Puisi Pupujian di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut, nu ngawengku data hasil panalungtikan, analisis data, daftar tabél hasil analisis, jeung bahan pangajaran ngaregepkeun.
- BAB V** : Panutup, nu ngawengku kacindekan jeung saran.

DAFTAR PUSTAKA

LAMPIRAN-LAMPIRAN